3. Яратилиш даври, оғзакилиги, анъанавийлиги, анонимлиги, вариантлилигига кўра, фольклор асарларини, яратилиш даври, ахборотни етказиш воситаси, тезкорлиги, синкретлигига кўра, оммавий ахборот воситаларини анъанавий ва замонавий турларга тасниф қилиш фольклор ва унинг ОАВда ёритилиши, талқини тамойилларини ўрганишда энг мақбул йўллардан биридир.

4. Фольклоршуносликнинг ўз спецификаси, журналистиканинг ўз спецификаси мавжуд бўлгани ҳолда, уларнинг ҳамкорлиги барқарордир. Чунки ҳар иккисининг биринчи элементи – тил, ҳамкорлиги тарихан шартлангандир. Фалсафий жиҳатдан фольклор ОАВга нисбатан хусусийлик, ОАВ фольклорга нисбатан умумийлик характерига эга.

**Адабиётлар**

1. Ўзбек тилининг изоҳли луғати. Ж.III. Н-Тартибли / Таҳрир ҳайъати: Т.Мирзаев ва бошқ. ЎзР ФА Тил ва адабиёт институти. -Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 2006, 395-б.

2. Jahon jurnalistikasi tarixi. O‘quv qo‘ll./F.A.Mo‘minov, A.Nurmatov, M.O.Soliyeva va boshq. -T.: O‘zbekiston faylasuflar milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 8-б.

3. Веселовский А.Н. Историческая поэтика. -М.: “Высшая школа”, 1989. -С. 81.

4. Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча – ўзбекча изоҳли луғати. – Т.: “Ўқитувчи”, 1979. 281-б.

5. Дўстмуҳаммад Х. Журналистнинг касб одоби муаммолари: назарий-методологик таҳлил. -Т.: «Янги аср авлоди», 2007, 57-78-б.

6. Ворошилов В.В. Журналистика. Учебник. 3-е издание. СПб.: Изд-во Михайлова В.А., 2001. -С. 3.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу тадқиқотда ахборот алмашув, ўзаро мулоқот жамият мавжудлиги ва ривожланишининг муҳим шарти эканлиги, қадимги давр журналистикаси – протожурналистика ва фольклорнинг синкретлиги, фольклор ташувчилари, қадимги давр мифологияси, архаик динлар ибтидоий ахборот воситалари бўлгани, журналистика ва фольклоршуносликнинг умумий ва фарқли жиҳатлари ҳақида сўз боради. Журналистикада оммавий коммуникациялар тарихан икки даврга тасниф қилинишига тааллуқли илмий изланишлар назарий жиҳатдан ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данном исследовании рассматриваются обмен информацией, взаимодействие как важное условие существования и развития общества, синкретизм античной публицистики - протожурналистики и фольклора, носители фольклора, античная мифология, архаические религии как первичные медиа, общие и различные аспекты журналистика и фольклор. В журналистике теоретически изучены научные исследования, связанные с исторической классификацией массовых коммуникаций на два периода.

**SUMMARY**

This study discusses the exchange of information, interaction as an important condition for the existence and development of society, the syncretism of ancient journalism - proto-journalism and folklore, folklore carriers, ancient mythology, archaic religions as primary media, common and different aspects of journalism and folklore. In journalism, scientific research related to the historical classification of mass communications into two periods has been theoretically studied.

# ЖИЙЕН-ЖЫРАЎ АМАНЛЫҚ УЛЫНЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ЖАҢАША КӨЗҚАРАСТА ҮЙРЕНИЎДИҢ АЙЫРЫМ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**К.Алламбергенов** – *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Жийен жиров Аманлиқ ўғли, 1730-йил, А.Каримов, К.Мамбетов, Қ.Султанов, Жийен Жиров шажараси жадвали, 1710-йил, 1784-йил, 74 ёш.

**Ключевые слова:** Жиен Жиров Аманлыг оглы, 1730 г., А.Каримов, К.Мамбетов, К.Султанов, родословная таблица Жиен Жиров, 1710г., 1784г., 74 года.

**Key words:** Jiyen Jirov Amanliq oglu, 1730-y, A.Karimov, K.Mambetov, K.Sultanov, Jiyen Jirov family tree table, 1710-y, 1784-y, 74 years.

Жийен-жыраў шығармаларына ҳәм басқа да дәреклерге қарағанда, ол XVIII әсир қарақалпақ әдебиятының бирден бир ҳәм көрнекли ўәкили болып табылады. Шығармаларының идеялық-көркемлик бағыт-бағдарлары ҳәм сыпатлы белгилери оның улыўма халықлық, улыўма инсаныйлық мәселелерди жоқары көркемлик сапада ҳәм шыншыллық көзқараста сөз еткен ҳақыйқатшыл, халықшыл, ўатанпәрўар ҳәм инсанпәрўар уллы шайыр болғанлығын көрсетеди.

Бирақ, ҳәзирге дейин әдебияттаныў илими оның қайсы жылы туўылып, қайсы жылы қайтыс болғанлығы ҳаққында анық бир мағлыўматларға ийе емес. Жийен-жыраў ҳәм дөретиўшилигин арнаўлы изертлеген алым А.Каримовтың изертлеўине қарағанда, ол шама менен 1730-жылы Жаңа дәрья бойында жарлы қарақалпақ (мүйтен руўы, абыз тийреси) Аманлықтың шаңарағында туўылып, 1784-жылы Арал теңизи әтирапларында қайтыс болған [1].

Бул аксиомаға айланған фактлер қарақалпақ әдебияттаныў илиминде 30-40-жыллардан берли турақлы өмир сүрип киятыр! Мәселен, Қ. Айымбетов шайырдың «Посқан ел» поэмасының дәслепки басылымына жазған алғы сөзинде, Жийен-жыраў қарақалпақлар ата журты Түркстаннан өзлериниң ески ана ўатаны Хорезмге қайта айналып келген дәўиринде (XVIII әсирдиң 60-жылларында) 30-35 жаслар шамасында болыўы керек, деп болжайды [2]. Бул дәреклерде Жийен-жыраўдың әкесиниң исми-шәрийпи ҳаққындағы мағлыўмат та XX әсирдиң 60-жылларына шекем «Жийен жыраў Тағай улы» деп ҳеш өзгериссиз айтылып келди.

60-жыллардағы илим изертлеў жумысларында атап айтқанда, А.Кәримовтың арнаўлы шәртлеўинде оның Тағай улы емес, Аманлық улы екенлигин дәстиярлы дәлилленсе де, туўылған, өлген жыллары сол бурынғы шамалаўлар ҳалында қалдырылды.

Биз де А.Каримовтың Жийен-жыраў Тағай улы емес, Аманлық улы деген дәлиллеўлерине толық косыламыз ҳәм оның бул фактти дәлиллеў ушын келтирилген мағлыўматлары дурыс ҳәм исенимли деп айтамыз. Илимпаздың информаторлардан келтирген мағлыўматларына қарағанда, Жийен-жыраўдың әкеси, ҳақыйқатында да, қарақалпақлардың мүйтен руўы, абыз тийресинен шыққан өз дәўириниң белгили тарийхый тулғаларының бири Аманлық деген киси болған. Аманлықтың Алыбай, Толыбай, Айбос, Ораз, Жийен, Сарыбай деген алты баласының бири Жийен-жыраў, мине, сол алты улдың бесиншиси есапланған [3].

Қарақалпақлар ата журты Түркстанды таслап көшкенде, бул алты улдың үшеўи (Алыбай, Толыбай, Сарыбай,) Бухара тәрепке көшеди де, үшеўи (Айбос, Ораз ҳәм Жийен-жыраў) Арал теңизи жағалықларына, Әмиўдәрьяның төменги қуярлығына келип қоныс басады. Дәслеп Сай жол деген орында, соң Тербенбес, Көк өзек, бойларында, Муңайтпас, Терис төбе деген

белгили елатлы аймақларда, мәканда қайтыс болады. Оның бейити  ҳәзирги Қараөзек районы Қараөзек фермер хожалығы аймағына қараслы Қабақлы ата мазаршылығына қойылған. Мағлыўматларға қарағанда ул перзент қалмаған.

А.Кәримовтың жоқарыда келтирилген мағлуматларына қарағанда, Жийен-жыраўдың улқызлары ҳаққындағы дереклер еле де изертлеўди талап етеди. Бирақ, көпшилик информаторлардың пикирлерине сүйкенсек, «Жийен-жыраў балалы болмаған» деген мағлуматлардың қәте екенлиги көзге тасланады. Шайыр көп жылға дейин бийперзент болып жүргени менен, өмириниң соңғы жылларына таман Жамғыршы деген бир балалы болған. Усы Жамғыршыдан Алшынбай, Айымбай, Қурымбай деген үш бала болған. Оның Айымбай деген баласынан көп әўлад өрбиген. Ал, Алшыбай деген баласынан болса XIX әсир қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкили Өтеш шайыр дөреген.

Бул ҳаққында Өтеш шайырдың «Бердақ бақсыға жуўап» қосығында: Атым-Өтеш, бабам аты-Жийенди, Халыққа сөзи үлги болған емеспе [4], - деген анық мағлыўматлар келтириледи.

Жийен-жыраўдың өмири ҳаққындағы бул фактлер оның шығармаларындағы шайырдың өзи тәрепинен келтирилген пикирлер менен де тастыйықланады. Мәселен, жоқарыдағы Жийен-жыраў еки туўысқаны, өзи менен үшеў болып Хорезмге келип мәкан басқан деген, пикирдиң сәўлесин «Посқан ел» шығармасындағы мына қатарлардан сезиўимиз мүмкин:

Көзди салып қарасам,
Еки адам отыр басымда,
Оннан басқа бир  жан жоқ,
Қыбырлаған қасымда.
Бул отырған ким десем,
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Белғанама қуўатым,
Еки бирдей қанатым
Мени таслап кете алмай
Қалған екен көшлерден. [5]

Бул эпизод, бириншиден, посқыншы халық пенен бирге киятырған шайырдан бай баласының оннан жетим қыз Минайымды тартып алып, өлимши етип таяққа жығып кеткеннен кейинги есине келгендеги жанлы ҳалатынан дәрек берип турса, екиншиден, бул посқыншылықта өзинен басқа еки иниси де оның менен бирге болғанлығынан дәрек береди.

Жийен-жыраўдың «Мүйтенлердиң мәканы» деген және бир толғаўында өзлериниң ата-теги сыпатында Арық мерген деген адам исми келтириледи. («Арық мерген әўлады Майлы деген ер екен» (24-бет). Мүйтенлердиң ата-теги ҳаққында  Бердақта да Өтештиң бабаларын нәзерге тутып айтқан усыған усас қатарлар бар «Ғайып болып яранларға қосылған мүйтенниң Баймәмбет пирлери бардур» (Бердақ,1977, 134-б.)

Бул еки пикирде сырттан қарағанда барлық бир тутас мүйтен руўына тийисли болып көрингени менен, тиккелей Жийен-жыраўдың ата-тегине қатнасы бар қатарлар болып табылады. Себеби, бириншиден, Жийен-жыраў да бул қатарларды мәзи келтирмеген. Мәселен, Жийен-жыраў жоқардағы қатарларды Арық мергенниң өзиниң арғы аталарының бири екенлигин нәзерде тутып, оны улығлаў мақсетинде ата-теги менен мақтаныш пенен айтқан болса, Бердақ «Мүйтенниң Баймәмбет пирлери бардур» деген қатарларды билетура келтирген. Себеби, Бердақтың «Мүйтен елаты» деп аталатуғын бул қосығы Өтеш шайырдың «Бердақ бақсыға жуўабына» жуўап сыпатында келип шыққан. Бул орында ол Арық мерген Жийенниң де, Баймәмбеттиң де, Өтештиң де арғы аталары болғанлығын нәзерде тутып, Өтештиң ҳаслы затын, сол арқалы шайырлық талантын улығлаў мәнисинде жоқарыдағы қатарларды мысал етип келтирген.

Бул эпизодлар посқыншылықтың сөзсиз қазақ ханларының шабыўылы нәтийжесинде келип шыққан сергизданлық екенлигин ғана көрсетип коймастан, оның «Посқан ел» поэмасында сүўретленген посқыншылықтан бурынырақ болып өткенлигин де, яғный қарақалпақлардың Абулхайырхан менен Абылай султанлардың шабыўылынан кейин, бирден Хорезмге бағдар алып көшпегенлигине, ал Уллы таў әтирапындағы қарақалпақлардың дәслеп Сырдың ортаңғы ағымына, Түркистан әтирапларына, соң көпшилик бөлегиниң Қуўандәрья ҳәм Жаңадәрья бойларына қарай жылысқанлығынан да дерек берип турады. Бул ҳақыйқатлықты усы эпизодтағы «Жаңадәрья – Түркистан үш айшылық жол екен», «Түркистаннан посқанлы бир ярым ай толады (38-б)» дегенге усаған қатарлар да дәлиллейди. Ал, «Еки ай жүрип жетеди», «Қырқыя менен Қазалы», «Еки айдың жүзи толғанда, Қуўан дәрья бойына келип бастық қазаны», «Қуўандәрья бойында бир нешшеўи қалады, бир нешшеўи жол тартып адым урып удайы, жетпис күнде қулапты Жаңа дәрья бойында» (38-б) деген қатарлар болса бул көшиўдиң  таяныш пункти ең дәслеп Түркистан болғанлығын және бир мәртебе дәлиллейди.

Бул фактлер А.Каримовтың Жийен жыраўдың «Посқан ел» поэмасында 1743-1747-жыллардағы тарийхый ўақыялар емес, ал 1760-1762-жыллардағы Киши жүз ханы Ералы Султанның Жаңадәрья, Сырдәрьяның төменги бойлары қарақалпақлары жасаған шабылыўынан кейинги тарийхый ўақыялар, яғный Жаңадәрья қарақалпақларының өзлериниң ески ата мәканы Хорезмге қарай посып кетиў ўақыялары сәўлеленеди, деген пикириниң дурыслығын және бир мәртебе тастыйықлап турады.

Бул, демек, шайырдың «Уллы  таў» поэмасы қарақалпақлардың Түркистан-Қуўандәрья-Жаңадәрья яақыяларын сәўлелендириўге бағышланған, ал «Посқан ел» поэмасы Жаңа дәрья-Хорезм ўақыялары сәўлелендириўге бағышланған деген сөз.

Бирақ бул орында «Сонда «Посқан ел»де Түркистан ўақыялары сәўлеленбей ме? Сонда неге онда «Ата журты Түркистан», «Түркистаннан шыққалы» деп жырланады?» деген орынлы  саўаллар да туўылыўы мүмкин. Бул сораўларға жуўап бериў ушын және А.Каримовтың пикирлерине сүйениўге туўра келеди.

Оның көрсетиўинше, бул қатарлар да қарақалпақлардың Атажурты Түркистаннан өзлериниң екси ана журты Хорезмге көшиў ўақыяларына сәўлеленетуғынлығы бийкарламайды. Себеби, қарақалпақлардың «Ата журты Туркистан» деген түсинигине Сырдәрьяның төменги тармақлары Қуўандәрья менен Жаңадәрья да киреди. [8] Жийен жыраў Түркистанның кең мәнисиндеги ҳақыйқый ата журты мәнисиндеги түсинигин де бийкарламайды. Сонлықтан да шайыр «Ата журты Түркистан, онда да паян етпеди» дегенде Сырдың ортаңғы ағысын нәзерде тутып, Уллы таў әтирапларынан, бул жерге көшип келгенлигин айрықша белгилеп кетеди де, кейинги дыққаты ата-журты Түркистанның бир етеги Жаңадәрья ўақыяларына аўдарып, «ата журты Түркистан» деп емес, «Түркистаннан (Жаңа дәрьядан – А.К.) шыққалы» дегендей сөйлемлер менен сүўретлеўди даўам етеди. Шайырдың бул орынларда Түркистан дегенинен Жаңадәрьяны нәзерде тутып отырғанлығын түсиниўге болады. Себеби, оның Уллы толғаўында ата журты Түркистаннан посқан қарақалпақлардың Жаңа дәрьяға келип мәкан басаман дегенинше пияда жол басыўға кеткен Жаңадәрья-Түркистан пияда «үш ай жол» екенлиги анық айтылса, «Посқан ел» поэмасында Жаңадәрьядан Хорезмге дейин жүрип өткен жоллар «Үш күн өтти арадан Түркистаннан

шыққалы, сегиз күн өтти арадан» дегендей избеизликте берилип, ақыр аяғында Хорезмге жетип келемен дегенге шекемги барлық ўақыт «Арадан он еки күн өткенде қуладық бир теңизге» деп жуўмақластырады.

Бундай факт «Посқан ел» поэмасындағы посып көшиў ўақыялары 1743-жылдағы Абулқайыр ямаса 1746-1747-жыллардағы Абылай султан шабыўларынан кейинги ата-журты Түркистаннан туппа-туўры Хорезмге көшиў ўақыясы емес екенлигин, ал оның 1760-1762-жыллардағы Ералы султанның шабыўылынан кейин жүз берген Түркистан (Сырдың төменги бойы ҳәм Жаңадәрья) қарақалпақларының Хорезмге қарай посып көшиуи ўақыялары екенлигин тастыйықлайды. Егер, бул ўақыя Ата журты Түркистаннан тиккелей Хорезмге посып көшиўлер болғанда, Жийен жыраў оны «он ек күн толғанда» деп сүўретлемеген болар еди. Себеби, бул ўақыя ата журты Түркистаннан Хорезмге тиккелей көшиў ўақыясы болғанда, Түркистан-Хорезм аралығын басып өтиў ең кем дегенде  еки-үш ай мүддетти талап еткен болар еди.

Улыўма, Жийен жыраўдын бул еки шығармасы да көркем шынлықтың тарийхый шынлыққа сәйкес келиўиниң ҳаққанийлығы ҳәм анықлығы менен өзгешеленип турады.

Ондағы сүўретленген тарийхый ўакыялар тек ғана Жийен жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилигин анықлаў ушын емес, халық тарийхын үйрениў бойынша да әҳмийетли дереклер болып хызмет етеди.

Бул пикирлердиң жаны бар, яғный Жийен-жыраўдың өмир баянына қатнасы бар пикирлер екенлигин Жийен-жыраўдың ҳәзирги дәўирде жасап атырған әби-әўладлары арасында сақланып киятырған руўлық-генеологиялық шежире кесте де тастыйықлап турады.

Бул кестеде көрсетилиўи бойынша, Жийен-жыраўдың түп саға атасы Нызан батыр деген болған. Оның Көтерем Көкши деген баласынан Самбай бий, Ақ буўра, Аллаберди, деген үш ул өрбиген. Мине, усы үш улдың бир Алламбердиден Аманлық  туўылған. Арық мерген (Алламберген) болса усы Алламбердиниң екинши баласы болған, оннан атақлы Баймәмбет пир өрбиген. Жийен-жыраў  өз бабасы «Арық мерген әўлады» дегенде,  Бердақ Өтештиң және бир бабасын «мүйтенниң «Баймәмбет пикирлери бардур» дегенде, Өтештиң төменнен жоқарыға санағандағы төртинши атасы Аманлық пенен туўысқан Арық мергенниң баласы Баймәмбетти нәзерде тутқан.

Бул шежире-кесте менен жоқарыда А.Кәримов тәрепинен дәлилленген Жийен-жыраўдың туўысқанлары ҳәм балалары ҳаққындағы мағлыўматларды салыстарсақ, олар арасында айтарлықтай үлкен парықлардың жоқ екенлигин көриўге болады. А.Кәримов та Хорезмге Аманлықтың алты улының үшеўи (Айбос, Ораз, Жийен) келген деп көрсетилсе, шежире-кестеде булар төртеў (Сарыбай, Айбоз, Ораз орыс, Жийен-жыраў) етип көрсетиледи. Және бир өзгешелик-шежире кестеде Айбостың аты Айбоз деп көрсетилип, Алыбай, Толыбайлар Аманлықтың Бухара тәрепке мәкан басқан еки уллары сыпатында бериледи. А.Кәримов изертлеўинде болса булар Бухарада қалған уллар сыпатында Алыбай, Толыбай, Сарыбайлар деп айтылады.

Бизиңше, А.Кәримов айтқан мағлыумат та, шежире кесте де ҳақыйқатлықтан онша узақ емес. Оның себеби, бириншиден жоқарыда көрип өткенимиздей, Аманлықтың Хорезмге көшкен улды Жийен менен қоса үшеў екенлигин шайыр шығармалары тастыйықлап көрсетсе, шежире-кестеде бул үшеўинен тысқары, төртинши улдың да (Сарыбайдың да) әўладлары ҳәзирги Қарақалпақстан Республикасында жасап атырғанлығы ҳаққында фактлер бул шежире-кестениң де ҳақыйқатлыққа бир ата жақын екенлигин аңлатады. Соған қарағанда, бул төртинши Сарыбай, ямаса оның әўладлары дәслеп Бухара тәрепте қалыўын қалса да, кейинирек Хорезмдеги үш туўысқанына келип қосылған болыўы мүмкин.

Шежире-кесте, усының менен қатар, Жийен-жыраўдың Жамғыршы деген жалғыз баласынан өрбиген уллардың үшеў (Алшынбай, Айымбай, Қурымбай) емес, усы үшеўи және еки бала (Ыслықпай, Көмекбай) қосылған ҳалда бесеў екенлигин де көрсетип турады. Шежире кесте бойынша бул бес баланың төртеўинен көп әўлад болғанлығы көрсетилип, олардың үрим-путақлары ҳәзир де Қарақалпақстан аймақларында жасап атырғанлығын көриўге болады. Мысалы, Жийен-жыраўдың ақлығы Айымбайдан туўылған Бекмурат ахунның баласы-Мубәрек ийшанның ақлығы, белгили қарақалпақ шайыры Нурмухамед, Әмет улы өзиниң Нурланмурат, Ығбал, Икрам, Илҳам, Суханберди, Амангелди, Санабар, Дилмухамед, Дәўран деген ул-қызлары ҳәм олардан туўылған ақлықлары менен ҳәзир Нөкисте, Мәўеренахр көшесинде жасап атыр. Ал, Жийен-жыраў әўладларының және бири Есемурат Өтәмбетов болса 60-жылларда Қарақалпақстанның жоқарғы суды лаўазымында иследи. Ол Алшынбайдың (Өтеш шайырдың әкесиниң) балаларының бири Серимниң ақлығы есап-ланады.

Бүгинги күнде усындай етип анықланыўы тийис және бир мәселе-Жийен жыраўдың туўылып, қайтыс болған жыллары ҳаққындағы шамалаўларды анық ҳақыйқатлыққа айландырыў болып отыр. Тилекке қарсы, бул мәселе де ҳәзирги күнге шекем А.Кәримовтың 60-жыллардағы шамалаў, болжаўларынан асып түскен емес. 80-жылларда бул мәселеге анықлық енгизиўге ҳәрекет еткен әдебият изертлеўшиси, профессор Қ.Султанов Жийен-жыраўдың «Посқан ел» поэмасында сүўретленген тарийхый шынлыққа сүйене отырып: «Жийен-жыраўдын өзи 1730-жылы туўылған болса, бул сүўретлеп отырған ўақыялар 1743-жыллардағы ўақыя. Сонда Жийен-жыраў 13-14 жасларында болады екен. Сол дәўирде (қандай жаста-А.К) қалай етип бундай («Уллы таў» поэмасындай-А.К.) шығармаларды дөретеди?» деп өз-өзине саўал таслап, Жийен-жыраў өмирине байланыслы жаңа бет ашпақшы болады да, фактлердиң жеткиликсизлигинен бе, Л.Н.Толстойдың өзи туўылмаған жыллардың тарийхынан «Урыс ҳәм парахатшылық» романын жазғанлығын дәлил етип: «Сонлықтан шайыр бул шығарманы («Уллы таўды» А.К.) кейинирек жазған болыўы керек [6]» деп өзине өзи тәселле берип, ашпақшы болған жаңа пикирин ҳеш өзгериссиз бурынғы қәлпинде қалдырып қояды.

Бул орында Қ.Султановтың усылайынша сораў таслаўы да, оған жоқарыдағыдай мазмунда жуўап бериўи де ақылға муўапық. Буны усы шығармадағы төмендегидей өткен мәҳәллик мазмундағы сүўретлеўлерден де көриўге болады:

1. Қарақалапақ бийлери
Қара қанлар қусады,
Күнниң жүзин көре алмай,
Ақылынан сасады.
Ханның есер батыры
Он бес жасар қызларды
Тақымына басады.
Арзы айтқан адамды,
Ериксиз дарға асады (31-б).
2. Қарақалпақ елинде
Ақырзаман болады,
Соңғыларға жыр қылып,
Жийен-жыраў жырларды (32-б.).
3. Жетпис күнде қулапты
Жаңа дәрья бойына (38-б.).

Оның үстине, бул шығарманың коркемлик дәре-

жеси, сүўретлеў усыллары еле оның эпикалық поэзияда мол тәжирийбе топламаған жас ўақытлардағы дөретиўшилигиниң жемиси екенлигиннен дәрек берип турады. Көрип отырғанымыздай, шайыр бул шығармада жоқарыдағыдай қурғақ баянлаўларға көбирек орын берип, фольклорлық толғаўларға тән улыўмалық сыпатлар шеңберинен шығып кете алмаған, онда дара дөретиўшиликке тән стиль, сүўретлеў өзгешеликлери айтарлықтай көзге тасланбайды ҳәм бул шығармада шайырдың өзи «Посқан ел» поэмасындағыдай лирикалық қаҳарман сыпатында геўделенбейди. Сонлықтан онда лирик қаҳарманның ишки ой-кеширмелери де, анығырақ лирикаға тән көркемлик сыпатлар дерлик сезилмейди. Соңғы 3 мысалдағы мазмунға сер салсақ, шайыр бул тақыяларды шайыр ҳәттеки көзи менен көрмеген де, тек биреўлерден еситкени бойынша жазып отыр. Соған қарағанда, Жийен-жыраўдың бул «Уллы таў» шығармасы қарақалпақлардың Уллы таўда жасаған дәўирин емес, ал Уллы таў қарақалпақларын Абылқайырдың 1730-жылдағы усы маканға жасаған шабыўылынан кейин, Түркистан, ямаса Сыр бойы қарақалпақларына келип қосылған дәўирлеринде дөреген болыўы керек. Ўақыяның бул бағыт-бағдарын толғаўдағы мына қатарлардан да байқаўымыз мүмкин:

1.Уллы таўдан қашып посады,
Барар белли мәкан жоқ,
Посқыншы болған елимди
Ҳайранлық зили басады.
…Атраў деген жерлерде
Бес мыңы басын қосады (35-б.).
2. Жаңа дәрья-Түркистан-,
Пиядаға үш ай жол,
Киятыр шөлде қаңғалап,
Таўсылмайды қыя шөл (37-бет.).
Түркистаннан посқалы,
Бир ярым ай толады.
…Еки айдың жүзи толғанда,
Қуўандәрья сайына
Басты келип қазаны.
Қуўандәрья бойында
Бир нешшеўи қалады,
Бир нешшеўи жол тартып,
Адым урып удайы,
Жетпис күнде қулапты
Жаңа дәрья бойына. (37-38-б.б.).

Бул, демек, көрип отырғанымыздай, 1760-62-жыллардағы Киши жүз қаны, Ералы Султанның шабыўылынан кейинги Жаңа дәрья қарақалпақларының Хорезмге көшиўи емес, шығармада анық айтылғанындай қазақ ханларының (Абылай, Абылхайыр ханлардың). Уллы таўга шабылыўынан кейинги тосқыншылық.

Биз тарийхтан киши жүз ханы, Абулхайыздың Түркстан, Сыр бойы қарақалпақларына жасаған шабыўылының 1743-жылы, ал усы қарақалпақларға орта жүздиң ханы Абылайханның шабыўылы, 1746-1747-жыллары болғанлығын жақсы билемиз. Оның үстине, профессор К Мәмбетовтың көрсетиўинше Уллы таў Түркстаннан әдеўир узақта болып, ата журты деген түсиникти аңлатыўшы мәкан болмаған. Бирақ, Тәуке ханның тусында (1680-1718) Уллы таў 1710-жылы усы хан тәрепинен қарақалпақларға инам етиледи. 1723-жылдағы шабыўылынан кейин бул мақпал жайлаўлы кең өрис Уллы таў ушын да талас тартыслар басланады. Ең соңында Уллы таўлы қарақалпақлар илажсыз Түркистан Сыр бойы қарақалпақларға қарай көшиўге мәжбүр болады, яғный киши жүз ханы Абылхайыр бул жерди де күш пенен басып алады. Демек, Жийен-жыраўдың сөз етип отырғаны «Уллы таўы» - усы Уллы таў! Бул ўақыялар болса тарийхта 1720-1730-жыллары жүз береди.

Егер, Жийен жыраў 1730-жылы туўылғаны рас болса, онда ол «Уллы таў» поэмасында сүўретленген жунгарлар шабыўылы гезинде, яғный қалмақ ўақыялар жүз берип атырған дәўирлерде жаңа туўылып атырған бала болады. К.Мәмбетов сол ушында К.Султановтың «13 жаслар шамасындағы бала бундай ўақыяны қалайынша дөретеди?» деген пикирин қуўатлап, Н.Дәўқараевтың «Жаўгершилик ўақтында Жийен-жыраў XVIII әсирдиң орталарында өмир сүрген дегенге усаған пикирлерине ол Абылқайырдың 1743-жылғы шабыўлы гезинде емес, 1723-жылдағы Цеван Ревтан Жунгарлар шабыўлы гезинде 13-жаста болған», деп анықлық киргизип, Жийен-жыраўды 1730-жылы емес, бәлки, 1710-жылы туўылып, 1784-жылы көп қыйыншылықты көрип, буўыны қатқан шайыр 74 жасында қайтыс болған болады [8], деген болжаў жуўмақларға келеди.

Бул болжаўлар, бизиңше де, мақсетке муўапық. Себеби, шайыр 1760-62-жыллардағы Ералы Султан шабыўылынан кейинги посқыншылық ўақыялар сөз етилген «Посқан ел» поэмасында «шырақларым, сизлердиң бахтыңызға не болды?» деп толғайтуғын көпти көрген данышпан қарыя, лирик қаҳарман сыпатында көзге тасланса, қарақалпақлардың Хорезмге келип, қоныс басқаннан кейинги дәўиринде дөреген «Ҳәй, жигитлер, жигитлер!» «Ҳә ханымыз, ханымыз» «Алды артым бийик жер екен» толғаўларында Хийўа ханларының қарақалпақларды бағындырыў ушын алып барған ҳийле тәсил, сумлықҡа толы, жаўызлық ҳәрекетлеринен хабардар, ҳәттеки, бул сиясаттан әбден түнилип, оған қарсы гүресип аўзы пискен, халықтың азатлығын қорғаў ушын гүреслерде әдеўир тәжирийбелер топлаған, жасар жасын да жасаған, ақылы кәмил ата образында геўделенеди. Сол ушын да шайыр бул толғаўларында «айтажағым, балларым», «бир нәсият улларым», «көз көргенин айтайын» (22-бет.) дегендей аталық тилде халық улларын гүреслерде шаршамаўға,жигерли, ақыллы, сабырлы, турақлы болыўға шақырып, «буны, улларым, биз көрдик» (22-бет)деп өмир тәжирийбелеринен оларға (шама менен 30-40-жаслардағы гүрескен жигитлерге) нәсиятлар, ақыл-кеңеслер берип отырады. Тарийхтан белгили болғанындай, Жийен-жыраў толғаўларында «Ҳа, ханымыз, ханымыз…», «Ҳә, төрелер,төрелер» деп сүўретленгениндей ханның, оның әтирапындағы кеңесши ҳәмелдарлардың әдилсизлигине, жаўызлығына, басып алыўшылык сиясатына қарсы шығыўлар Хорезм қарақалпақлары арасында XVIII әсирдиң 70-жылларында ақ жүз бере баслайды. Себеби, бул дәўирлерде (1770-1790-жылларда) Хийўада ханлық еткен Мухаммед Әмин-инақ өзиниң ханлық дәўранының дәслепки жылларынан баслап-ақ Хорезмниң арқа шегараларындағы Арал өзбеклери менен қарақалпақларды бағындырыў сиясатын алып барыўға тийиседи. [9]

Бул, демек, Жийен-жыраўдың жетпис жаслар шамасы дәўири деген сөз. Солай екен, Жийен-жыраўды 1710-жылы туўылып, 1784-жылы 74 жасында қайтыс болды, деген болжаўлар тарийхый шынлыққа да бир қанша жақын келеди. Сол ушын ендигиден былай Жийен-жыраўдың өмири баяны ҳаққындағы бул өзгерислерди әдебият тарийхына киргизиў ҳақыйқатлықтан тиккелей дерек беретуғын ақылға муўапық саўаплы ис болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Кәримов А. Жийен-жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилиги. -Нөкис: ҚҚМБ, 1963,52-б.

2. Жийен-жыраў посқан ел. Қарақалпақстан халық творчествосы.-Төрткул: 1940, 5-б.Және де: Жийен Тағай улы. Посқан ел. Поэма. -Нөкис: ҚҚМБ, 1961, 8-б.

3. Кәримов А. Көрсетилген мийнети, 40-б.

4. Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 1978, 91-б.
5. Жийен-жыраў. Посқан ел. Толғаўлар ҳәм поэмалар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984, 52-б.Соңғы мысалларда усы баспадан алынып, тек бетлери көрсетиледи.
6. Жийен-жыраў (Әдебий портрет). Қарақалпақ әдебияты тарийхы (Университет ушын сабақлық) Нөкис: «Қарақалпақстан» 1983, 83-84-б.
7. Мәмбетов. К. Ерте дәўирдеги Қарақалпақ әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992, 235-б.
8.Сонда, 236-237-б.б.
9. Мәмбетуллаев М, Төребеков М, Юсупов О. Қарақалпақстан тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010,192-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада XVIII аср қорақалпоқ адабиёти буюк классиги Жийен жиров Аманлик ўғлининг хаёти ва ижоди янги маълумотлар асосида миллий мустақиллик ғоялари нуқтайи назаридан қайта таҳлил қилинган. Шунингдек, Жийен жиров 1710-йили туғилиб, 1784-йили 74 ёшида дунёдан ўткан деган хулосага келинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье на основе новых данных заново анализируется жизнь и творчество великого классика каракалпакской литературы XVIII века Джиен Жирова Аманлык оглы с точки зрения идей национальной независимости. Также делается вывод, что Джиен Жиров родился в 1710 году и умер в 1784 году в возрасте 74 лет.

**Summary**

The article re-analyzes the life and work of the great classic of Karakalpak literature of the XVIII century Jiyen Jirov Amanlik oglu from the point of view of the ideas of national independence on the basis of new data. It is also concluded that Jiyen Jirov was born in 1710 and died in 1784 at the age of 74.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ЭПОСЛАРЫНЫҢ СЫРТ ЕЛЛЕРДЕ ҮЙРЕНИЛИЎИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ИЛИМИЙ АСПЕКТЛЕРИ АНАЛИЗИ

**Г.К.Алламбергенова –** *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: қорақалпоқ эпослари,чет ел олимлари, ўрганишнинг ва тадқиқотнинг асосий илмий аспектлари: достонлар генезиси, жанрий хусусиятлари, поэтика, сюжет мотивлари ва қатламлари, қаҳрамон образ ива тарихий ҳақиқат, миллий хусусиятлар.

**Ключевые слова:** каракалпакский эпос, зарубёжные ученые, основные научные аспекты изучения и исследования: генезис эпоса, жанровые особенности, поэтика, сюжетные мотивы и пласты, героический образ и историческая действительность, национальные особенности.

**Key words:** Karakalpak epics, foreign scholars, main scientific aspects of study and research: genesis of epics, genre features, poetics, plot motives and layers, heroic image and historical reality, national features.

Сырт ел алымлары түркий халықларының, соның ишинде қарақалпақ эпосларын типологиялық жобада үйрене отырып, бул дәстанлардың генезисин, эволюциясын, жанрлық қәсийетлерин, архетип түп нусқасын, вариантласыў ҳәм версияласыў ҳәм көп қатламлылық қубылысларын, эпос атқарыўшылығындағы турақлы дәстүрий қайталаўлар, таяр клищелер менен бирге атқарыўшының дәстүр ҳәм жаңашыллыққа қатнасы, эпос қаҳарманларының генетикалық шығысы, эпостың тарийхыйлығы ҳәм көркемлилиги көркем тили усаған мәселелерге кең түрде тоқтап өтти.

Усы көзқарастан сырт ел алымларының «Едиге» дәстаны ҳаққында пикирлерине сер салатуғын болсақ, ҳақыйқатында да, жоқарыда айтылған мәселелер сырт ел алымларының көпшилигиниң дыққатын өзине тартқан машқалалар болғанлығын көриўге болады. Мысалы, «Едиге» дәстанының түркий версияларын салыстырып изертлеген рус алымы В.М.Жирмунский дәстанның қарақалпақ версиясының 1929-1934-жылларда профессор Қ.Айымбетов жазып алып бастырып шығарған Ерполат жыраў вариантын «бай мазмунға ийе, көркемлиги күшли вариант» [7:353], деп баҳалағанда, оның идеялық көркемлик өзгешеликлерине, сюжетлик мазмунына, аңығырағы, сюжетлик мотивлерине айрықша итибар берген болса, башкурт алымы Валиди Тоған дәстанының қарақалпақ версиясының Нуратдин жыраў вариантына жыраўдың атқарыў шеберлиги көзқарасынан баҳа берип, оны Болгарияда жүргенинде тыңлаған ноғай жыраўы жырлаған вариант пенен салыстырыў тийкарында қарақалпақларды жыраўшылық - атқарыўшылық өнердиң күшли раўажланғанлығын нәзерде тутқан ҳалда қарақалпақ жыраўы «Едиге»ни айрықша стиль ҳәм талант пенен жырлағанлығына баҳа береди» - деп баҳалайды [2].

Бир қатар сырт ел алымлары дәстанының дөрелиў дәўирлерине, генезисине үлкен итибар бере отырып, дәстанда сүўретленген ўақыялар менен бас қаҳарманлар (Сатемир, Тоқтамысхан, Едиге ҳәм.т.б.) образларының тарийхый шынлыққа қатнасын дәлиллеўге, сол тийкарда оның жанрлық өзгешелигин белгилеп бериўге қызығады. Изертлеўдиң тарийхый-типологиялық бундай усылы дәстанды барлық көркемлик қунлылықлары менен көркем ҳәм тарийхый шынлық көз қарасынан ашып бериўге кең имканият жаратады. Себеби, илимий фактлерге ҳәм дәстанда сәўлеленген ўақыялар мазмунына сер салып қарасақ, «Едиге» дәстаның идеялық дәреклери дәстан қаҳарманы Едигениң тири гезлеринен – XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында болып өткен тарийхый ўақыяларға байланыслы пайда бола баслағанын көремиз. Мәселен, Ш.Ўәлийханов XIV әсир ўақыяларына тийкарланған «Едиге» жыры XV әсирдиң бас гезлеринде дөрелген болса керек [3:226], деген пикир билдирсе, В.М.Жирмунский «Сөз жоқ, Едигениң тири гезлеринде-ақ оның атына байланыслы хәр қыйлы аңызлар келип шыға баслады [7:377]» деп жазады.

Бул фактлерди Ибн Арабшаҳ мийнетлери де тастыйықлап турады. Оның көрсетиўинше, Едигениң тири гезлеринде-ақ халық арасында «Едиге ҳаққында әжайып мифлер, адам ҳайран қаларлық аңызлар тоқылған еди» [8:163].

Көрип отырғанымыздай, дәстанның тийкарғы дөретиўшиси ҳәм атқарыўшысы Соппаслы Сыпыра жыраўдың дөретиўшилиги қарақалпақ халқының мәденияты тарийхы менен қандай тығыз байланысқа ийе болған болса, дәстанның дөрелиў дәўири менен жыраўдың жасаған дәўирлери де бир-бири менен усындай жақын жупкерликлерге ийе.

Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге»ниң дәстанның миллий версияларының версияласыў ҳәм вариантласыў сағасында туратуғын ең ески нусқа екенлигин дәлийллейтуғын және бир факт - дәстан қаҳарманы Едигениң қарақалпақлардың этногенезинде тийкарғы орынды ийелейтуғын маңғытлардың ақ маңғыт тийресинен шыққан тарийхый тулға екенлиги болып табылады. Бул пикирди Ш.Ш.Ўәлийханов, В.В.Бартольд, П.П.Иванов, Т.А.Жданко, В.М.Жирмунский, Ә.Маргулан, Машҳур Жусип, Б.А.Кочекаев, В.В.Трепавлов, Ашим Шейх Алий улы сыяқлы көплеген белгили сырт ел тарийхшы-